

Bhaibheri reVana  
zvipo



Noa uye  
Mafashama  
Makuru



Rakanyorwa na: Edward Hughes

Rinoenzanisirwa na: Byron Unger; Lazarus  
Alastair Paterson

Yakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.

Yakashandurwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2021 Bible for Children, Inc.

Rezinesi: Une mvumo yekukopa kana kupurinda iyi nyaya,  
chero bedzi usingaitengese.



Noa murume ainamata Mwari.

Vamwe vese vakavenga


nekusateerera Mwari.

Rimwe zuva, Mwari akataura  
chimwe chinhu chinotyisa.

"Ndichaparadza nyika  
yakaipa iyi,"

Mwari  
akaudza  
Noa. "Mhuri

yako  
chete ndiyo  
ichaponeswa."



Mwari akayambira Noa kuti mafashama  
makuru achauya ndokufukidza nyika.

"Vaka areka yematanda, igwa rakakura  
zvakakwana mhuri yako uye mhuka  
zhinji," Noa akarairwa. Mwari  
akapa Noa rairo chaiyo. Noa  
akabatikana!



Vanhu vangangodaro  
vakaseka sezvo Noa  
akatsanangura  
chikonzero nei  
aigadzira  
areka.

Noah  
akaramba  
achivaka.  
Akaramba achiudza  
vanhu nezvaMwari.  
Hapana akateerera.




Noa aive nekutenda  
kukuru. Akatenda Mwari  
kunyangwe mvura yakanga  
isina kumbobvira yanaya  
kare. Pasina chinguva  
areka yakanga yagadzirira  
kutakuriswa  
zvinhu.



Zvino kwakaya mhuka. Mwari akaunza manomwe emamwe marudzi, maviri emamwe. Shiri huru nediki, zvikara zvidiki nekureba zvakaenda kuareka.




Zvichida vanhu vakapopotera Noa  
apo airemedza mhuka. Havana  
kumira kutadzira Mwari.  
Havana kukumbira  
kupinda muareka.






Pakupedzisira,  
mhuka dzose  
neshiri  
zvakapinda.  
"Pinda muareka,"  
Mwari akakoka Noa.  
"Iwe nemhuri yako."  
Noa, mudzimai wake,  
vanakomana vake vatatu  
nemadzimai avo vakapinda muareka.  
Mwari akabva avhara musuwo!





Ipapo mvura yakaya.  
Kunaya kukuru kwemvura  
kwakanyorovesa nyika mana  
neusiku makumi mana.






Mafashama  
envura  
akafashamira pamusoro  
pemataundi nemisha. Mvura payakamira,  
kunyangwe makomo aive pasi pemvura.  
Chese chinhu chinofema mweya chikafa.



Sezvo mvura yakakwira,  
areka yakayangarara  
pamusoro. Kunogona kunge  
kwaive nerima mukati,  
pamwe kubhowa, uye  
pamwe kutotyisa. Asi  
areka yakachengetedza  
Noa kubva kumafashamo.



Mushure memwedzi mishanu  
yemafashama, Mwari akatumira mhepo  
yekuomesa. Zvishoma nezvishoma,  
areka yakagara pamusoro pemakomo  
eArarati. Noa akagara mukati

makumi mana  
mvura  
ichidzika.



Noa akatumira gunguo nenjiva kubva pahwindo  
reareka yakavhurika. Nzvimbo yakaoma yakachena  
yekuzorora, njiva yakadzokera kuna Noa.



Kwapera vhiki, Noah  
akaedzazve. Njiva  
yakadzoka neshizha idzva  
remuorivhi mumuromo mayo.  
Vhiki rakatevera Noa akaziva  
kuti pasi pakaoma nekuti njiva  
haina kudzoka.



Mwari akaudza Noa kuti yaive nguva  
yekubuda muareka. Pamwe chete, Noa  
nemhuri yake vakaburutsa mhuka.



Noa anofanira kunge  
akafara chaizvo!  
Akavaka aritari  
uye akanamata  
Mwari uyo  
akamuponesa  
nemhuri yake kubva  
kumafashama akaipa.



Mwari akapa  
Noa vimbiso  
inoshamisa.

Haana kuzotumira  
mafashama kuzotonga  
zvivi zvevanhu.

Mwari akapa  
chiyeuchidzo  
chikuru chevimbiso  
yake. Muraraungu  
waive chiratidzo  
chevimbiso  
yaMwari.



Noa nemhuri  
yake vakawana  
mavambo matsva mushure  
memafashama. Nekufamba  
kwenguva, vazukuru vake  
vakawedzera kuzadza  
pasi rese. Marudzi  
ese epasi

akabva kuna  
Noa nevana vake.



Noa uye Mafashama Makuru

Nyaya kubva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Genesi 6-10

"Mazwi enyu anotipa kuchena."  
Pisarema 119:130





Magumo



Iyi nyaya yeBhaibheri inotitaurira nezvaMwari wedu anoshamisa uyo akatiita uye uyo anoda kuti iwe umuzive.

Mwari vanoziva kuti takaita zvakaipa, izvo zvavanodaidza kuti zvivi. Kurangwa kwechivi rufu, asi Mwari anokuda zvakanyanya

Akatuma Mwanakomana wavo mumwechete, Jesu, kuti afire paMuchinjikwa uye arangwe zvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka kuupenyu akaenda kumusha kuDenga! Kana iwe ukatenda kuna

Jesu uye zvivi zvako, Anozviita! Iye achauya agare mauri izvozvi, uye iwe uchagara Naye nekusingaperi.

Kana iwe uchitenda ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Anodiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye mukava murume kufira zvivi zvangu, uye zvino Muri kurarama zvakare. Ndapota pindai muhupenyu hwangu uye mundiregerere zvivi zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva izvozvi, uye rimwe zuva ndiende kuzova nemi nekusingaperi. Ndibatsire kuti ndikuteerere uye ndirarame Iwe seMwana Wako. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye utaure naMwari mazuva ese! Johani 3:16

